

Nim. 202.42

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitiyasyon katastwòf ki nesese pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 15 jiyè 2020;

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.35, jan yo pwolonje ak jan li amande pa Dekrè Egzekitif 202.38, ki amande direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.10 ki limite tout rasanbleman ki pa esansyèl a dis oswa mwens moun, modifiye avèk dokiman sa a pou pèmèt rasanbleman ak vennsenk (25) oswa mwens moun, pou nenpòt ki objektif oswa rezon legal, depi ke kote yo fè rasanbleman nan yon rejyon ki deja atenn Faz 3 nan re-ouvèti Eta a, epi depi yo respekte pwotokòl distans sosyal ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) a egzije.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan kenzyèm jou mwa jen nan
ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a